



Gid oryantasyon Kindergarten

pou fanmi elèv ki gen andikap k ap antre
nan Kindergarten ann otòn 2023



Chè fanmi,

Kite preskolè pou ale nan kindergarten se kòmansman yon nouvo peryòd enteresan nan lavi ptit ou a. Nou konnen ou ka gen kesyon osijè tranzisyon sa a epi nou espere n ap reponn anpil ladan yo nan gid sa a. Gid oryantasyon kindergarten sa a gen enfòmasyon pou fanmi timoun ki gen andikap k ap antre nan kindergarten nan Otòn lan.

Nou envite w tou pou patisipe nan reyinyon oryantasyon kindergarten nou an, kote nou pral:

- pataje enfòmasyon sou kòman pou aplike nan kindergarten (pwosesis admisyon nan kindergarten)
- eksplike pwosesis Turning 5 la
- dekri sèvis edikasyon espesyal nou bay pou timoun ki gen laj pou ale lekòl
- reponn nenpòt kesyon ou ta ka genyen

Si w enterese patisipe nan reyinyon oryantasyon kindergarten lan, tanpri rele nan 718-935-2013 pou plis enfòmasyon oswa gade orè a sou sitwèb nou an:

<https://www.schools.nyc.gov/calendar>.

Pou enfòmasyon konsènan edikasyon espesyal nan lekòl leta Vil Nouyòk, tanpri li *Gid Fanmi nou an pou sèvis edikasyon espesyal pou timoun ki gen laj pou ale lekòl* ki disponib sou entènèt nan: <https://www.schools.nyc.gov/special-education/preschool-to-age-21/special-education-in-nyc>.

Nou pran angajman pou kolabore avèk fanmi pou asire reyisit elèv nou yo. Estaf nou an ap disponib pou reponn kesyon w ak ede w pandan n ap planifye ansanm ane lekòl k ap vini an. N ap kontan travay avèk ou pou fè tranzisyon ptit ou a nan kindergarten byen fasil ak reyisi!

Avèk senserite,

A handwritten signature in black ink that appears to read "Christina Foti".

Christina Foti
Direktris akademik anchèf adjwen
Divizyon enstriksyon espesyalize ak sipò pou elèv
Biwo Direktè akademik anchèf la

Kontni



Kontni	3
Edikasyon espesyal nan lekòl leta Vil Nouyòk.....	4
Preparasyon pou kindergarten: <i>De pwosesis</i>	5
Aplikasyon nan kindergarten.....	6
Pwosesis Turning 5	9
Sèvis edikasyon espesyal nan lekòl distri 1-32.....	15
Pwogram espesyalize nan lekòl distri 1-32	16
Distri 75	18
Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services)	19
Lòt pwogram ak sèvis	20
Lòt rekòmandasyon pou plas.....	21
Dwa paran pandan tranzisyon ptit yo pou kite preskolè	22
Kòman pou jwenn èd	24
Siplement A: Kategori andikap	25
Siplement B: Sitwèb ak enfòmasyon sou kote/moun pou kontakte.....	26

Edikasyon espesyal nan lekòl leta Vil Nouyòk

Nou vle garanti ke tout elèv ki gen andikap:

- gen aksè nan kou ki mande pou fè gwo efò epi pou yo rive atenn nòm akademik ki elve
- jwenn enstriksyon nan klas avèk elèv parèy yo ki pa gen andikap nan mezi sa posib
- kapab ale swa nan lekòl ki pou sektè/zòn yo (zoned schools), oswa nan lekòl yo renmen an, toutotan sa posib, pandan y ap resevwa sipò yo bezwen pou reyisi.

Tout elèv ki gen andikap ki bezwen sèvis edikasyon espesyal gen Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Programs, IEP). Se yon ekip ki gen ladan oumenm, paran an ki kreye l. Li gen enfòmasyon sou sa pitit ou a renmen, pwen fò l ak bezwen l. IEP a ap idantifye tou objektif pou ane lekòl la epi l ap dekri pwogram ak sèvis edikasyon espesyal ki ede avèk andikap (related services) y ap bay pitit ou a pou ede l satisfè objektif sa yo.

Edikasyon espesyal se pa yon "klas" oswa yon "kote." Edikasyon espesyal dekri yon seri sipò ak sèvis:

- Yon IEP ka gen diferan tip kou ak sèvis pou differan pati nan jounen lekòl la.
 - Paegzanp, yon elèv ki bezwen plis sipò nan lekti ka resevwa enstriksyon nan lekti - nan anviwònman yon klas ki pa gen anpil elèv epi pase rès jounen an nan yon klas Edikasyon jeneral.
- Yon IEP ka genyen sèvis y ap bay nan salklas la.
 - Paegzanp, yon terapis pou pwononsyasyon ka travay avèk yon elèv pandan yon sesyon nan salklas la.
- Yon IEP ka gen ladan sèvis y ap bay yon lòt kote.
 - Paegzanp, yon konseye pedagojik ka travay avèk yon elèv nan biwo l.

Avèk plan ki fèt pou satisfè bezwen espesifik chak timoun, lekòl yo kapab ofri elèv ki gen andikap otan aksè posib nan kourikoulòm edikasyon jeneral la.



Preparasyon pou kindergarten: De pwoesis

Fanmi tout timoun Vil Nouyòk k ap gen laj senkan ane sa a sipoze aplike pou kindergarten pou yo ka jwenn yon plas lekòl. Pwoesis “admisyon nan kindergarten” lan se chans ou pou montre nan ki lekòl ou ta pi renmen pitit ou a ale (sonje pifò timoun ale nan lekòl ki pou sektè yo abite a (zoned school).

Kòm fanmi yon timoun ki fèk pral nan kindergarten ki ka bezwen sèvis edikasyon espesyal, ou pral patisipe tou nan pwoesis “Turning 5” la Nan pwoesis sa a, ekip IEP pitit ou a pral detèmine si li bezwen edikasyon espesyal nan kindergarten, epi ki sèvis sa yo pral ye, si li bezwen. Anpil timoun ki nan kindergarten ki bezwen sèvis edikasyon espesyal resevwa sèvis sa yo nan lekòl yo te ofri yo nan pwoesis admisyon kindergarten lan.

Admisyon nan kindergarten (Aplike nan kindergarten)	Turning 5 (Detèmine sèvis ak sipò pou edikasyon espesyal)
Etap 1: Apati mitan otòn rive nan kòmansman ivè, ou ta dwe <i>gade opsyon</i> ou genyen pou kindergarten. (Gade paj 6)	Etap 1: Pwoesis Turning 5 la kòmanse lè ekip IEP a kontakte w. Pandan tout pwoesis la, w ap resevwa plizyè diferan dokiman ki rele Preavi alekri (Prior Written Notices, PWN). Pou kòmanse, ekip IEP w la pral pataje yon PWN ki rele, “Avi rekòmandasyon (Notice of Recommendation)”. (Gade paj 9)
Etap 2: An ivè, ou ka kòmanse aplike nan kindergarten. Asire w pou voye yon aplikasyon nan delè a. (Gade paj 6)	Etap 2: Si sa nesesè, yo ka reevalye pitit ou a. (Gade paj 10)
Etap 3: Si w te aplike pou kindergarten epi ou te voye aplikasyon w lan avan delè a, w ap resevwa yon <i>Lèt òf</i> nan prentan an. (Gade paj 7)	Etap 3: Si pitit ou a bezwen sèvis sante, ou ta dwe bay ekip IEP a fòm medikal yo avan reyinyon IEP a. (Gade paj 10)
Etap 4: Apre ou fin resevwa yon <i>Lèt òf</i> , apresa w ap <i>enskri</i> pitit ou a nan lekòl la (depi kòmansman jiska fen prentan). (Gade paj 7)	Etap 4: W ap patisipe nan yon reyinyon IEP pou kindergarten. Reyinyon yo ap fèt ant mas rive fen out. Kalandriye reyinyon a ap depann sou kilè ou te kòmanse pwoesis Turning 5 la. (Gade paj 11)
	Etap 5: Si pitit ou a bezwen sèvis edikasyon espesyal nan kindergarten, w ap resevwa yon <i>Lèt koulè vèt</i> sou lokal lekòl ou prale a (School Location Letter). W ap resevwa lèt sa a nan fen ane lekòl la rive fen out, sa depann sou kilè ou te kòmanse pwoesis Turning 5 la. (Gade paj 13)

Si w aplike pou kindergarten, plas ou resevwa a nan lèt koulè vèt ki di kote lekòl la ye a (School Location Letter) ap menm lekòl ki te nan *lèt òf* ou a, (sofsi yo rekòmande pou pitit ou a ale nan yon pwogram espesyalize (Distri 75) NYCDOE nan IEP li a oswa sofsi yo te aksepte pitit ou a nan yon pwogram espesyalize ([Gade paj 15-17](#)). Si w pa aplike pou kindergarten, ou pa p resevwa yon *Lèt òf*, men pitit ou a ap toujou resevwa yon plas nan lekòl apre reyinyon IEP pitit ou a.

Aplikasyon nan kindergarten

Timoun ki elijib pou antre nan kindergarten nan ane kalandriye kote yo vin gen laj 5 ane. Fanmi yo ta dwe kòmanse reflechi sou opsyon lekòl yo ann otòn lan epi patisipe nan admision pou kindergarten lan ann ivè a pou yo ka resevwa yon plas lekòl. "Admision nan kindergarten" se yon pwosesis apa avèk pwosesis "Turning 5" la. **Elèv ki gen andikap sipoze patisipe ni nan pwosesis admision kindergarten lan ni nan pwosesis Turning 5 la.**

Nou ankouraje tout fanmi ki gen timoun k ap vin gen laj senkan pou voye yon aplikasyon pou kindergarten, ladan yo, timoun ki gen IEP. Ou p ap pèdi anyen si w voye yon aplikasyon. Fanmi ki voye yon aplikasyon jeneral pou kindergarten ap resevwa yon òf nan yon lekòl, dapre sèlman priorite pou admision lekòl la. Aplikasyon an pa konsidere sèvis ki nan IEP a. Sa vle di ou gen menm priorite pou lekòl ki sou aplikasyon w lan avèk yon elèv ki pa gen IEP.

Si nan fen pwosesis IEP a yo rekòmande w yon pwogram espesyalize, ou ka refize òf ou te resevwa atravè aplikasyon jeneral la. W ap resevwa, pito, yon plas final atravè pwosesis Turning 5 la. Sepandan, si w pa aplike epi finalman yo rekòmande yon anviwònman lekòl kominotè, ou ka rate yon chans pou ale nan yon lekòl ou prefere. Dabò, yo eksplike pwosesis admision nan kindergarten lan pi ba a. Apresa, y ap bay detay sou pwosesis Turning 5 la.

Admision nan kindergarten

Òf kindergarten fèt dapre regleman admision nan nenpòt lekòl. Pifò lekòl antoure avèk yon sektè yo rele zòn. Si w rete nan sektè sa a, lekòl sa a se "zoned school" ou. Pou konnen lekòl zòn ou ak distri ou, rele 311 oswa ale sou sitwèb nou an: schools.nyc.gov/find-a-school. Gen anpil chans pou timoun ale nan zoned school yo pou kindergarten — se menm bagay la tou pou elèv ki gen andikap yo.

Tout fanmi ki voye yon aplikasyon nan delè a ap resevwa yon lèt òf.



Eksplore opsyon ou genyen

Ale sou sitwèb admision nan kindergarten nou an schools.nyc.gov/Kindergarten pou jwenn enfòmasyon sou pwosesis aplikasyon an ak sou kòman yo fè òf yo. Ale sou myschools.nyc pou eksplore lekòl yo.

Aplike

Ou ka aplike pou lekòl ki pou sektè ou abite (zoned school) ak nan nenpòt lòt lekòl ki enterese w nan ivè a. Ou pa bezwen tann pou yo fini avèk IEP pitit ou a avan w aplike paske desizyon sou admision nan kindergarten pa konsidere IEP.

Gen twa fason ou ka voye yon aplikasyon kindergarten ale:

- sou entènèt nan myschools.nyc
 - Nan telefòn, si w rele nan 718-935-2009
 - Kontakte yon sant byenveni pou fanmi (Family Welcome Center, FWC) Lendi rive Jedi ant 8am ak 5pm epi vandredi ant 8 am ak 3 pm (rele 311 oswa ale nan schools.nyc.gov/welcomecenters pou jwenn enfòmasyon)
- Aplikasyon an disponib sou entènèt ak anpèsòn nan dis lang. Gen entèpretasyon ki disponib nan telefòn nan plis



pase 200 lang. Pou gen plis enfòmasyon sou kòman pou aplike nan kindergarten, gade **[schools.nyc.gov/kindergarten](#)** oswa rele nan 718-935-2009. Anrejistre pou resevwa imèl ki gen enfòmasyon ajou sou admisyon nan kindergarten nan **[schools.nyc.gov/Sign-Up](#)**.

Resevwa yon òf epi enskri

Tout fanmi ki voye yon aplikasyon nan delè a ap resevwa yon òf ak enfòmasyon sou fòmalite enskripsyon nan lekòl sa a nan prentan. Yo ajoute elèv sou lisdatant pou nenpòt lekòl yo te klase pi wo pase lekòl kote yo bay yo a pandan pwosesis la.

Lè w fin resevwa òf ou a, ou ka itilize **[myschools.nyc](#)** pou aksepte òf ou a sou entènèt. Ou ka kontakte tou lekòl la dirèkteman oswa rele nan 718-935-2009 pou aksepte òf ou a nan telefòn. Depi ou fin aksepte òf ou a, w ap bezwen kontakte lekòl sa a pou w pran yon randevou pou enskri.

Sonje: Menm si ou enskri pitit ou a nan lekòl kote yo ofri w plas la, ou ka toujou resevwa ak aksepte yon òf yo fè w nan yon lòt lekòl ki te mete w sou lisdatant. W ap bezwen ale avèk dokiman ki nan lèt òf la nan lekòl la pandan peryòd enskripsyon an. Ou pa bezwen tann yo fini avèk IEP pitit ou a avan w enskri. Anreyalite, pifò elèv ki gen IEP ale nan menm lekòl yo jwenn òf nan pwosesis admisyon an. Kidonk nou rekòmande pou enskri nan lekòl ki ofri w plas nan pwosesis admisyon kindergarten lan.

Si w pa aksepte òf ou a ak enskri pou li, ou ka pèdi plas la nan lekòl sa a.

Remak sou lekòl ki gen aksè pou chèz woulant

Gen kèk biling lekòl ki gen aksè pou chèz woulant pou elèv ki gen bezwen aksè pou chèz woulant. Pou jwenn lis lekòl ki gen aksè pou chèz woulant, gade Anyè kindergarten lan, rele 311, oswa ale sou **sitwèb nou an:** **<https://www.schools.nyc.gov/school-life/buildings/building-accessibility>**.

Chak lekòl oswa chak pwogram ki nan anyè MySchools nou an ap gen etikèt youn nan twa nivo aksè yo: Aksè total, aksè limite oswa pa gen aksè pou chèz woulant:

- Yon biling ki **gen aksè total** pou chèz woulant se yon biling ki bati apre 1992, ki respekte tout kritè konstriksyon ADA epi ki pa gen limit aksè pou moun ki gen pwoblèm mobilite.
- Yon biling ki **gen aksè limite** pou chèz woulant se yon biling ki pèmèt moun ki gen pwoblèm mobilite antre ak soti nan biling lan, gen aksè nan pifò pwogram pi enpòtan yo, epi kapab itilize omwen yon twalèt, men lòt pati nan biling lan gen dwa pa gen aksè pou chèz woulant

Si pitit ou a bezwen yon lekòl ki gen aksè pou chèz woulant, asire ke ou aplike nan lekòl ki gen aksè pou chèz woulant. Li ta bon pou vizite anpèsòn nenpòt lekòl ou enterese mete sou lis nan aplikasyon kindergarten lan. Si yo wè pitit ou a gen bezwen aksè pou chèz woulant, DOE ap asire pitit ou a resevwa yon plas kindergarten nan yon lekòl ki gen aksè pou chèz woulant.

Resous ak kontak pou admisyon

Ale sou sitwèb nou an la a: **<http://schools.nyc.gov/kindergarten>**

Si w gen nенпот kesyon voye yon imèl nan **ESenrollment@schools.nyc.gov** oswa rele nan 718-935-2009.

Aplike nan lekòl charter (charter school)

Lekòl charter yo se lekòl leta endepandan gratis ki aksepte tout timoun nan Vil Nouyòk. Lekòl charter yo gen pwosesis admisyon ak aplikasyon ki diferan avèk lekòl DOE yo. Delè pou aplike pou pifò lekòl charter yo se kòmansman prentan.

Elèv ki gen andikap kapab aplike nan lekòl charter. Lekòl charter yo pa ka refize yon aplikasyon akoz andikap yon elèv. Piske pa gen garanti y ap aksepte w nan yon lekòl charter epi akoz lekòl charter yo aksepte elèv nan yon peryòd diferan avèk DOE, ou ta dwe voye yon aplikasyon kindergarten nan DOE tou. Si yon lekòl charter ofri sèvis ki ka satisfè bezwen ptit ou a, men ki pa koresponn avèk IEP ptit ou a, lekòl la ka mande komite pou edikasyon espesyal (Committee on Special Education, CSE) lokal la pou òganize yon nouvo reyinyon IEP kote y ap envite w.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lekòl charter, ale sou

<https://www.schools.nyc.gov/enrollment/enroll-in-charter-schools/learn-about-charter-schools>.



Pwosesis Vin gen laj 5 ane (Turning 5)

DOE ap travay avèk ou pou konsidere bezwen ptit ou a pou sèvis edikasyon espesyal nan kindergarten. Yo rele sa pwosesis "Turning 5" epi li enpòtan pou w patisipe. Pandan pwosesis Turning 5 la, DOE ap remèt dosye ptit ou a ba yon ekip nan yon lekòl leta oswa ba yon biwo CSE distri. Ekip la ap evalye dosye ptit ou a epi l ap deside si yo dwe fè nouvo evalyasyon. Lè yo fin fè evalyasyon ptit ou a, y ap envite w pou patisipe nan yon reyinyon IEP kindergarten, piske ou se yon manm nan komite IEP ptit ou a.

Nan reyinyon IEP a, ekip IEP a pral deside si ptit ou a elijib pou l resevwa sèvis edikasyon espesyal nan kindergarten. Si li elijib, ekip IEP pral kreye yon IEP pou ptit ou a. IEP a ap dekri pwogram edikasyon espesyal ak sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services) ptit ou a ap resevwa nan kindergarten.



Kòmansman pwosesis IEP a

Ekip IEP kindergarten DOE ptit ou a pral kontakte w pou kòmanse pwosesis IEP a. Ekip IEP *kindergarten* lan sanble ak ekip IEP ki ede kreye IEP preskolè ptit ou a, men sa pa menm avèk li. Si ptit ou a ap resevwa sèvis edikasyon espesyal nan kòmansman dènye ane li nan preskolè, w ap resevwa yon Pake Byenveni (Welcome Packet) nan otòn lan epi ekip IEP DOE a ap kontakte w ann ivè a (janvye-mas). Si ptit ou a kòmanse pwosesis evalyasyon edikasyon espesyal preskolè pandan dènye ane preskolè li epi li pa gen yon IEP preskolè an mas dènye ane preskolè li a pou pi ta, y ap kontakte w apre pwosesis sa a fini, jeneralman nan prentan oswa ete (avril-out) avan kindergarten.

Lè ekip IEP kindergarten DOE a kontakte w, y ap prezante tèt yo ak eksplike w pwosesis IEP a. DOE gen obligasyon pou bay fanmi dokiman alekri pandan pwosesis IEP a. Pandan tout pwosesis la, w ap resevwa plizyè diferan dokiman ki rele Preavi alekri (Prior Written Notices, PWN). Pou kòmanse, ekip IEP w la pral pataje yon PWN ki rele, "Avi rekòmandasyon (Notice of Recommendation)". PWN sa a eksplike DOE ap pwopoze pou fè yon reevalyasyon. Yon reevalyasyon pral detèmine si ptit ou a kontinye elijib pou sèvis edikasyon espesyal epi, si li toujou elijib, evalyasyon an ap montre ki sèvis ki ta satisfè bezwen li nan kindergarten ane pwochén. PWN sa a pral gen ladan tou enfòmasyon pou kontakte ekip IEP kindergarten DOE w la; l ap gen ladan tou non ak nimewo telefòn yon manm estaf. Finalman, PWN lan ka gen ladan yon demand pou konsantman w pou yo evalye ptit ou a.

Ekip IEP DOE ptit ou a ka travay swa nan yon lekòl leta DOE swa nan yonn nan biwo Komite Edikasyon Espesyal (Committee on Special Education, CSE) ki nan borough w la. Adrès kote ekip IEP ptit ou a ye a pa vle di nesesèman ptit ou a prale lekòl kote l ye ane pwochén. Se sèlman ekip la ki pral travay avèk ou sou pwosesis edikasyon espesyal kindergarten lan. Oumenm ak pwofesè edikasyon espesyal preskolè ptit ou a ansank ak founisè related services yo, nou fè pati ekip IEP a.

Si ptit ou a gen yon IEP preskolè epi ou pa pran nouvèl yon ekip IEP kindergarten DOE nan mwa mas, ou ka voye yon imèl nan turning5@schools.nyc.gov.

Si yo jwenn ptit ou a elijib pou sèvis edikasyon espesyal preskolè men ou p at dakò pou yo bay sèvis yo oswa ou te rive anile konsantman w lan, yo pral kontakte w tou nan ivè a (janvye-mas) pou kòmanse pwosesis IEP kindergarten lan. Pandan tout lòt bagay ki pi wo a se menm, w ap resevwa yon PWN ki yon tijan diferan, ki rele, "Avi pou rekòmandasyon (Notice of Referral)". Lèt sa a eksplike DOE pwopoze pou fè (avèk konsantman w) yon premye evalyasyon pou ptit ou a pou konnen si li elijib pou sèvis edikasyon espesyal lè li rantre nan kindergarten.

Nouvo evalyasyon (si sa nesesè)

DOE ap revize enfòmasyon nan dosye ptit ou a tankou evalyasyon yo ak rapò sou pwogrè pwofesè ak founisè *related service* yo fè. Sa pral ede deside ki kouvo evalyasyon y ap bezwen fè, si sa nesesè. W ap resevwa yon lèt pa lapòs oswa pa imèl k ap fè w konnen yo bezwen nouvo evalyasyon. Si y ap bezwen nouvo evalyasyon, w ap resevwa yon lèt oswa yon imèl pou mande w konsantman w. Si w dakò, DOE kapab fè nouvo evalyasyon pou ptit ou a, ki ka gen ladan l yon obsèvasyon ptit ou a nan salklas pre-K.

Ou gen dwa tou pou mande DOE pou fè kèk evalyasyon espesifik, si w voye yon lèt oswa yon imèl bay ekip IEP w la epi DOE pral gade demand sa a. Ou ka bay ekip IEP w la nenpòt rapò evalyasyon oswa lòt dokiman ki pa soti nan DOE, si w ta renmen pou ekip IEP a ajoute yo nan evalyasyon an. Si w genyen lòt rapò evalyasyon oswa dokiman, tanpri remèt yo bay ekip reprezantan IEP a avan reyinyon IEP a pou asire ekip IEP a gen ase tan pou l gade materyèl sa yo epi fè konsiderasyon.

Si yo fè nouvo evalyasyon, w ap resevwa kopi rapò yo avan reyinyon IEP a.

Bay fòm medikal avan reyinyon IEP a (si se ka a)

Si ptit ou a bezwen pran medikaman oswa tretman pandan jounen lekòl la oswa si li bezwen transpò espesyalize, akoz bezwen medikal ak/oswa deplasman, w ap bezwen bay reprezantan IEP w la fòm pou bay medikaman (medication administration forms, MAF) ak/oswa fòm pou tretman doktè ptit ou a ranpli. Ekip IEP w la ka ba ou pake sa a oswa ou ka jwenn li **sou entènèt** nan sitwèb DOE a: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/health-services>.

Tanpri voye fòm yo ba ekip IEP w la pi vit posib lè doktè w la fin ranpli yo. Fòm ki pa konplè yo ap retade pwosesis la epi li ka fè sèvis yo kòmanse anreta. Tanpri kenbe kopi pou dosye pa w. Pandan ete a avan ptit ou a kòmanse kindergarten, w ap bezwen tou pou voye fòm medikal ki ajou pou nouvo ane lekòl la.



Remak sou transpò depi twotwa jiska lekòl (Curb-to-School) (espesyalize)

DOE ofri transpò curb-to-school pou elèv ki gen sèvis sa a nan IEP yo paske elèv la pa ka mache pou ale lekòl ni pran transpò avèk paran/responsab li.

Transpò apati yon kafou pre lakay ou (curb-to-school) se lè yon otobis pase chèche yon elèv nan kafou ki gen plis sekirite ki pi pre lakay li a epi depoze l nan lekòl li. Pou elèv ki gen IEP, se sèlman elèv yo rekòmande transpò curb-to-school nan IEP yo ki elijib pou transpò curb-to-school. Yo mete nan otobis curb-to-school ni chofè otobis la ak ni yon èd pou sipèvize elèv yo.

Pou kèk elèv k ap resevwa transpò curb-to-school, DOE pral bay tou akomodasyon dapre bezwen medikal oswa dapre pwoblèm mobilite. Sa ka gen ladan sèvis enfimyè lekòl, parapwofesyonal oswa akomodasyon nan otobis lekòl la tankou chèz pou anndan machin, mwayen pou soulve chèz la, ak èkondisyone. Si pitit ou a bezwen nenpòt nan sèvis oswa akomodasyon sa yo, w ap bezwen bay ekip IEP w la dokiman medikal depi byen avan reyinyon IEP a si posib, epi-si yo apwouve sèvis sa yo-yo dwe ajoute yo nan IEP a pou yo bay yo nan otobis la.

Ou ta dwe voye kesyon konsènan jan pou resevwa transpò curb-to-school bay ekip IEP a ki nan lekòl elèv la.

Reyinyon IEP Kindergarten

W ap resevwa yon lèt ki di dat, lè, adres reyinyon **Pwogram edikasyon espesyal (IEP)** pitit ou a omwen senk jou avan reyinyon an.

Li posib pou reyinyon IEP pitit ou a fèt nan lekòl primè ki pou sektè (zoned school) pitit ou a, apati fen ivè (piske yo remèt plizyè dosye T5 ba zoned school yo). Tanpri sonje lè reyinyon IEP pitit ou a fèt nan yon lekòl an patikilye, sa pa vle se nan lekòl sa a pitit ou a prale.

Oumenm, paran an oswa responsab la, se yon manm enpòtan anpil nan ekip IEP a. Pami lòt manm ekip IEP ki ka patisipe an pèsòn oswa nan telefòn ka genyen:

- **Nou ankouraje pwofesè aktyèl pitit ou a, ak founisè sèvis ki ede ak andikap (related service) pou patisipe**
- Yon reprezantan ki soti nan lekòl kote pitit ou a resevwa yon òf pou kindergarten
- Yon sikològ lekòl
- Lòt moun ki konnen pitit ou a oswa ki gen ekspètiz espesyal

Si w pale sèlman yon lang ki pa anglè, fè ekip IEP w la konnen avan reyinyon an pou di w ap bezwen yon entèprèt epi DOE ap ba w youn.

Yon "paran manm" se paran yon lòt timoun ki gen yon IEP. Ou ka mande yon paran manm pou patisipe nan reyinyon IEP pitit ou a. Ou ka mande tou yon doktè lekòl la pou patisipe nan reyinyon an. Si w vle yon paran manm oswa yon doktè patisipe nan reyinon IEP a, ou dwe mande ekip IEP w la sa alekri omwen 72 èdtan avan reyinyon an.

Elijiblite pou sèvis edikasyon espesyal nan kindergarten

Nan reyinyon **IEP** kindergarten lan, ekip IEP a pral:

- Deside si ptit ou a bezwen edikasyon espesyal nan kindergarten (“elijiblite”), epi si li bezwen,
- Devlope yon IEP oswa yon Plan pou sèvis edikasyon endividyèl (Individualized Education Services Plan, IESP) pou kindergarten.

Si ptit ou a pa elijib, ekip IEP a ap prepare dosye ki fè konnen yo “deklasifye” li.

Nan lekòl preskolè, yo idantifye (“classified”) tout timoun ki gen IEP kòm “élèv preskolè ki gen andikap” nan IEP a. Pou sèvis edikasyon espesyal pou timoun ki gen laj lekòl (kindergarten ak pi wo), ptit ou a dwe satisfè kritè pou youn nan 13 klasifikasyon andikap yo dekri nan **Anèks A** yo. Klasifikasyon an ap nan lis sou IEP oswa IESP ptit ou a.

Deklasifye / Pa elijib

Si ptit ou a gen yon IEP preskolè men ekip IEP a twouve li pa elijib pou sèvis edikasyon espesyal nan kindergarten, y ap “deklasifye” ptit ou a. Si yo deklasifye ptit ou a, l ap antre nan yon klas edikasyon jeneral pou kindergarten. Nan ka sa a, ekip IEP a kapab rekòmande pou l resevwa sèvis sipò pandan premye ane ptit ou a san sèvis edikasyon espesyal. “Sèvis sipò pou deklasifikasyon” sa yo ka gen ladan yo:

- Sipò pedagojik
- Akomodasyon
- oswa sèvis pou ede avèk bezwen espesyal la tankou langaj, oswa counseling

Si ptit ou a gen yon IEP preskolè epi y ap evalye l pou premye fwa, epi ekip IEP a jwenn ptit ou a pa satisfè kondisyon pou youn nan 13 kategori andikap yo, y ap jwenn ptit ou a “pa elijib” pou sèvis edikasyon espesyal. Nan ka sa , ptit ou a ap antre nan yon klas edikasyon jeneral pou kindergarten.

Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Program, IEP)

Si ptit ou a bezwen sèvis edikasyon espesyal nan kindergarten, y ap devlope yon IEP pou li. IEP a ap gen enfòmasyon sou fòs li, sa ki enterese l ak sou bezwen endividyèl li. Ekip IEP a pral fikse objektif ki dekri sou ki ladrès ptit ou a pral travay nan kindergarten. Ekip IEP a pral deside ki sipò, sèvis ak anviwònman lekòl ptit ou a pral bezwen pou li ka atenn objektif sa yo. Apre reyinyon IEP a, y ap ba ou yon kopi IEP a oswa y ap voye l pou ou pa lapòs nan espas de semèn.



Plan sèvis edikasyon endividiyèl pou kindergarten (Individualized Education Services Plan, IESP)

Si ptit ou a prale nan yon lekòl prive oswa reliye nan Vil Nouyòk, li kapab elijib pou resevwa sèvis edikasyon espesyal ak/oswa *related service* ke DOE ofri. Si w deside voye ptit ou a nan yon lekòl prive oswa reliye, ou sipoze fè ekip IEP w la konnen ou p ap konsidere edikasyon espesyal nan yon lekòl leta. Si ptit ou a elijib pou edikasyon espesyal, ekip IEP a pral kreye yon IESP. IESP a ap dekri sèvis edikasyon espesyal ak/oswa lòt sèvis ki gen rapò avèk edikasyon espesyal pou yo bay ptit ou a pandan li nan lekòl prive oswa reliye a. W ap bezwen pou bay ekip IEP w la non ak adrès lekòl prive oswa reliye kote ptit ou a prale a. Si w gen dout sou ki lekòl ptit ou a prale, ekip IEP a ta dwe devlope yon IEP pito.

Si w deside mete ptit ou a nan yon lekòl ki pa nan Vil Nouyòk, ou sipoze fè reprezantan IEP a konnen. L ap ba w enfòmasyon sou kòman pou kontakte distri lekòl kote lekòl la ye a; epi distri sa a ap travay avèk ou pou devlope yon plan ak ba w nenpòt sèvis edikasyon espesyal yo rekòmande.

Si ou chanje plan nenpòt lè apre yo fin kreye yon IESP pou ou epi ou ta renmen mande yon IEP ak yon plas pou ptit ou nan yon lekòl leta pito, kontakte ekip IEP w la pou mande yon nouvo reyinyon IEP.

Resevwa lèt ki gen adrès lekòl la

W ap resevwa yon lèt koulè vèt ki gen "adrès lekòl la" pa lapòs. Ou ta dwe atann ou pou resevwa lèt sa ant fen prentan ak fen ete. Avi sa a gen ladan enfòmasyon sou IEP ptit ou a ak lekòl ki pral ba w sèvis edikasyon espesyal yo rekòmande yo — yo rele sa "plasman". W ap sèlman resevwa yon lèt sou adrès lekòl ki gen koulè vèt si yo rekòmande ptit ou a pou yon lekòl distri 1-32 ki pa espesyalize oswa yon lekòl espesyalize distri 75.

Pifò elèv resevwa yon rekòmandasyon pou plas nan yon lekòl distri 1-32 (**gade paj 15**). Sa yo se twa ka kote plas ptit ou a ka nan yon lekòl distri 1-32, sa depann sou kòman ou aplike:

- Si w aplike pou kindergarten, y ap ba ptit ou a sèvis yo nan lekòl kote yo te ofri ptit ou plas la epi li enskri a.
- Si w pa aplike nan kindergarten, y ap mete ptit ou a nan yon lekòl nan distri kote li abite a epi y ap ba li sèvis yo la.
- Si yo aksepte ptit ou a nan yon "pwogram espesyalize" (tankou ASD Horizon, ASD Nest, oswa ACES), ptit ou a ap resevwa yon plas nan yon lekòl ki ka ofri pwogram sa a (**gade paj 16**).

Si IEP ptit ou a rekòmande yon lekòl espesyalize (Distri 75), y ap ofri ptit ou a yon plas nan lekòl distri 75 ki apwopriye (**gade paj 18**).

Si IEP ptit ou a rekòmande yon lekòl prive eta a apwouve oswa yon lekòl prive eta a sipòte, oswa lekòl prive eta ap dirije, se nan lekòl kote yo te aksepte ptit ou a y ap bay sèvis yo rekòmande yo (**gade paj 21**).

Si ptit ou a bezwen yon lekòl ki gen aksè pou chèz woulant, y ap bay ptit ou yon plas nan yon lekòl konsa.

Reyinyon fanmi

Apre ou fin resevwa lèt koulè vèt ki gen adrès lekòl yo rekòmande a, estaf ki nan nouvo lekòl pitit ou a ka envite w nan yon "reyinyon fanmi" si lekòl sa a pa t patisipe nan reyinyon IEP kindergarten pitit ou a. Reyinyon sa a ap ba ou yon opòtinite pou vizite lekòl la, gade IEP pitit ou a avèk estaf lekòl la, pataje enfòmasyon sou pitit ou a, epi poze kesyon ou ka genyen sou fason yo pral bay sèvis ki nan IEP a. Reyinyon fanmi an se pral yon konvèrsasyon enfòmèl. Si w prefere konekte pa telefòn oswa si w pa vle reyini ditou, tanpri fè lekòl la konnen. Si w ta renmen vizite lekòl la oswa fè yon reyinyon fanmi, ou ka kontakte kowòdonatè paran oswa direktè lekòl la.

Resous ak kontak pou Turning 5 (T5)

Kontakte ekip IEP w la si w gen nenpòt kesyon oswa si w gen nenpòt enkyetid. Ekip IEP w la pral sipòte w atravè pwosesis turning 5 la. Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte ekip IEP w la nan Notice of Recommendation (oswa Notice of Referral) yo te voye nan kòmansman pwosesis Turning 5 la. Ou ka wè tou "**Kòman pou jwenn èd**" (**gade paj 24-26**).

Ou ka ale tou sou sitwèb nou an nan : <http://schools.nyc.gov/kindergartenspecialeducation>.

Si w gen nenpòt lòt kesyon sou pwosesis T5 la, voye yon imèl nan **Turning5@schools.nyc.gov** oswa rele nan 718-935-2007.



Sèvis edikasyon espesyal nan lekòl distri 1-32

Majorite elèv ki gen IEP ale nan menm lekòl yo ta dwe ale si yo pa t gen yon IEP. Men pwogram akademik timoun ka resevwa nan yon lekòl ki nan distri 1-32:

Edikasyon jeneral ki mache avèk Sèvis pou ede avèk bezwen espesyal la (Related Services)

Yo pral edike pitit ou a nan menm salklas avèk elèv ki pa gen andikap epi l ap resevwa sèvis ki ede avèk bezwen espesyal la (tankou terapi langaj oswa counseling) nan salklas la oswa nan yon kote apa. **Gade paj 19** pou jwenn detay sou sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (related services) ki pi komen yo.


Edikasyon jeneral ki gen Sèvis Pwofesè Edikasyon espesyal pou bay elèv sipò (Special Education Teacher Support Services, SETSS)

Y ap edike pitit ou a nan menm salklas ak elèv ki pa gen andikap epi l ap resevwa sipò nan men yon pwofesè edikasyon espesyal. IEP pitit ou a ka rekòmande SETSS dirèk oswa SETSS endirèk.

- **SETSS dirèk:** Yon pwofesè edikasyon espesyal ofri enstriksyon ki fèt espesyalman pou yon pati nan jounen an dirèkteman pou yon gwoup ki gen jiska 8 timoun. Sa ka fèt nan salklas edikasyon jeneral oswa yon lòt kote nan lekòl la.
- **SETSS endirèk:** Yon pwofesè edikasyon espesyal travay avèk pwofesè edikasyon jeneral la pou adapte anviwònman aprantisaj la ak modifye enstriksyon an pou satisfè bezwen elèv yo.

Ko-ansèyman entegre (integrated Co-Teaching, ICT)

Klas Integrated Co-Teaching (ICT) se kou edikasyon jeneral ki sèvi ni elèv ki gen IEP ni elèv ki pa gen IEP. P ap gen plis pase 12 (oswa 40 poustan) elèv nan klas la ki gen IEP. Gen 2 pwofesè nan salklas la toutan- yon pwofesè eikasyon jeneral ak yon pwofesè edikasyon espesyal. Pwofesè yo travay kòm yon ekip, epi yo travay ansanm pou adapte lesón yo ak modifye enstriksyon an pou asire tout klas la ka patisipe.



Klas Espesyal

Nan yon klas espesyal, tout timoun gen IEP epi yo gen bezwen yo pa ka satisfè nan yon salklas edikasyon jeneral. Se yon pwofesè edikasyon espesyal ki anseye yo epi ki fè enstriksyon espesyalize. Klas espesyal nan lekòl primè distri 1-32 yo gen jiska 12 elèv ki gen laj nan entèval twazan diferans epi ki gen menm bezwen edikasyon. Klas espesyal la ka gen ladan yon parapwofesyonèl pou sipò anplis. Yo fè referans avèk klas espesyal yo souvan parapò avèk pwopòsyon (ratio) estaf-elèv:

- 12:1 (12 elèv, yon pwofesè edikasyon espesyal)
- 12:1:1 (12 elèv, yon pwofesè edikasyon espesyal, yon parapwofesyonèl nan salklas)

Pwogram espesyalize nan lekòl distri 1-32

Pwogram espesyalize yo se anviwònman salklas ak modèl sèvis inik yo kreye. Ekip IEP pitit ou a kapab pale avèk ou osijè pwogram espesyalize nan reyinyon IEP pitit ou a. Pou kèk pwogram espesyalize, ou ka bezwen voye yon aplikasyon. Si yo deside yo ka sipòte pitit ou a nan yon pwogram espesyalize, yo ka mete l nan yon lekòl diferan ki pa sa yo te deja ofri w nan pwosesis admisyon kindergarten lan. Pami pwogram espesyalize yo, genyen:

Pwogram pou aptitud akademik, pwofesyonèl ak aptitud ki esansyèl (Academics, Career, and Essential Skills, ACES)

Pwogram ACES yo bay opòtinite pou gen aptitud akademik, travay ak aptitud pou fonksyone nan lavi. Pwogram ACES yo sipòte kèk elèv yo klase kòm elèv ki gen yon andikap entelektyèl (intellectual disability, ID) oswa ki gen andikap miltip (multiple disabilities, MD) nan yon klas ki pi piti.

Si w panse pwogram ACES la ka bon pou pitit ou a, ou ka voye yon aplikasyon ba ekip santral ACES la nenpòt lè. W ap jwenn aplikasyon an sou **sitwèb** nou an: <https://www.schools.nyc.gov/special-education/school-settings/specialized-programs> oswa yo ka voye l ba w pa imèl si w kontakte ekip ACES la nan **ACESprograms@schools.nyc.gov**.

Estaf lekòl la ka ede w tou nan pwosesis aplikasyon an. Ekip ACES la pral travay avèk ou pou asire tout evalyasyon yo ajou (yo fèt nan espas yon ane lè w te aplike a). Pou timoun k ap antre nan kindergarten an septanm, fanmi oswa lekòl yo sipoze kontakte ekip santral pwogram ACES la pi vit posib.

Pwogram otis (Autism Spectrum Disorder, ASD)

Pwogram otis (Autism Spectrum Disorder, ASD) Nest ak ASD Horizon se pwogram espesyalize ki sèvi kèk elèv ki gen otis. Yo disponib nan kèk lekòl distri 1-32 Chak pwogram travay pou bati ladrès akademik ak sosyal.

Pwogram ASD Nest bay yon anviwònman ICT ki pi piti nan kèk lekòl distri 1-32, pou kèk elèv ki gen otis. Pifò elèv ASD Nest yo nan nivo klas la oswa yo depase l epi yo ka travay poukонт yo pou plizyè peryòd tan.

Pwogram ASD Horizon se yon klas espesyal avèk jiska 8 elèv, avèk yon pwofesè edikasyon espesyal ak yon parapwofesyonèl. Elèv ASD Horizon ka tou pre nòm nivo klas la nan kèk matyè, ki egzije enstriksyon antigwooup oswa lòt sipò ak chanjman pou yo reyisi.



Si w panse pwogram ASD a ka bon pou ptit ou a, ou ka voye yon aplikasyon ba ekip santral ASD a nenpòt lè. W ap jwenn aplikasyon an sou **sitwèb** nou an: <https://www.schools.nyc.gov/special-education/school-settings/specialized-programs> oswa yo ka voye yonn ba w pa imèl si w kontakte ekip ASD a. Estaf lekòl la ap ede w tou nan pwosesis aplikasyon an. Ekip ASD la pral travay avèk ou ak ekip IEP a pou asire tout evalyasyon yo ajou (yo fèt nan espas yon ane depi w te aplike a). Pou timoun k ap antre nan kindergarten an septanm, fanmi oswa lekòl yo sipoze kontakte ekip santral pwogram ASD a pi vit posib pa imèl nan ASDprograms@schools.nyc.gov.

Edikasyon espesyal bileng

Edikasyon espesyal bileng (Bilingual Special Education, BSE) se yon pwogram pou elèv ki gen yon anviwònman klas espesyal oswa yon klas ICT nan IEP yo avèk yon lang enstriksyon ki pa anglè. Pwogram sa yo sipòte elèv k ap aprann nan plizyè lang (Multilingual Learners, MLL) ki gen andikap ki benefisyé nan enstriksyon nan lang ak kilti yo abitye a. Ou ka jwenn enfnòmasyon sou **sitwèb la: www.schools.nyc.gov/special-education/school-settings/specialized-programs** oswa gade Gid resous pou fanmi edikasyon espesyal bileng lan, ke w ap jwenn sou menm sitwèb la.

Plis enfòmasyon

Pou plis enfòmasyon sou pwogram espesyalize nan lekòl distri 1-32 ak pou konnen si ptit ou a elijib, ale sou siwèb pwogram espesyalize yo nan:

<https://www.schools.nyc.gov/special-education/school-settings/specialized-programs>

oswa voye yon imèl nan specializedprograms@schools.nyc.gov.



Distri 75

Distri 75 bay sipò enstriksyon wo nivo pou elèv ki gen gwo difikilte tankou: Yo ka fè pwogram distri 75 yo nan klas espesyal ki nan biling lekòl ki gen lekòl distri 1-32 tou oswa nan biling lekòl kote tout elèv gen IEP. Yo ka bay kèk sèvis distri 75 nan salklas edikasyon jeneral.

Men kou Distri 75 genyen pou elèv kindergarten:

Pwopòsyon pou klas espesyal (ratio)	Deskripsiyon
12:1:1 <ul style="list-style-type: none">· 12 elèv· Yon pwofesè· Yon parapwofesyonèl	Pou elèv ki bezwen yo kontwole travay akademik ak/oswa konpòtman yo ki deranje pwoesis ansèyman an epi ki bezwen sipò adilt anplis ak ansèyman espesyalize.
8:1:1 <ul style="list-style-type: none">· 8 elèv· Yon pwofesè· Yon parapwofesyonèl	Pou elèv ki gen pwoblèm grav ak kwonik epi ki bezwen sipèvizon entansif tout tan, anpil atansyon endividyièl, entèvansyon ak kontwòl konpòtman.
6:1:1 <ul style="list-style-type: none">· 6 elèv· Yon pwofesè· Yon parapwofesyonèl	Pou elèv ki gen gwo bezwen nan pifò oswa nan tout domèn tankou fòmasyon akademik, devlòpman sosyal ak/oswa devlòpman relasyon avèk lòt moun, devlòpman fizik, ak kontwòl. Klas yo ofri pwogramasyon endividyièl entansif, sipèvizon adilt tout tan, yon pwogram kontwòl konpòtman espesyalize pou angaje yo nan tout travay, ak yon pwogram terapi pou pwononsyasyon/langaj (kote yo ka fè yo itilize yon sistèm pou moun andikape itilize pou yo kominike).
12:1:4 <ul style="list-style-type: none">· 12 elèv· Yon pwofesè· Yon parapwofesyonèl pou chak twa elèv	Pou elèv ki gen andikap grav oswa plizyè andikap avèk divès difikilte tankou limit onivo langaj, aprantisaj akademik epi ki pa ka fonksyone yon fason endependan. Klas sa yo ofri yon pwogram ki suiv yon kourikoulòm ki adapte avèk lòt aksè altènatif nan enstriksyon, yo ofri trening ladrès pou la vi chak jou, devlòpman ladrès pou kominike, estimilasyon ògan sans yo, ak entèvansyon tretman.

Distri 75 ofri tou sèvis klas espesyal pou elèv ki gen gwo twoub pou yo tande ak wè. Yo itilize ekipman ak sèvis espesyalize pandan tout jounen lekòl la. Pami sèvis yo gen odyoloji, ekipman teknolojik pou sipò, entèpretasyon an langaj an siy, sèvis oryantasyon ak sèvis pou deplasman, ak *Braille*.

Ale sou sitwèb: <https://www.schools.nyc.gov/special-education/school-settings/district-75> or call 212-802-1500 pou plis enfòmasyon ak yon lis lokal pwogram.

Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services)

IEP ptit ou a ka rekòmande sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (related services). Yo ofri Related Services pou ede yon elèv atenn objektif akademik li. IEP ptit ou a kapab rekòmande related services nan salklas la kote yon founisè sèvis yo ka travay avèk pwofesè, parapwofesyonèl ak lòt adilt pou ede elèv. Oswa, IEP ptit ou a kapab rekòmade sèvis yo nan yon lòt kote nan lekòl la. IP ptit ou a kapab rekòmande sèvis youn a youn oswa an ti gwoup. Egzanp sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (related services):

- **Counseling:** Counseling ede elèv amelyore aptitud sosyal ak emosyonèl yo nan lekòl. Objektif yo se kapab pou jwenn konpòtman lekòl ki apwopriye ak kontwòl pèsònèl, relasyon avèk kamarad yo ak rezolisyon konfli, estim tèt yo.
- **Sèvis pou elèv ki gen pwoblèm pou tandé:** Sèvis pou ede tandé - ede elèv ki soud oswa ki gen pwoblèm pou tandé amelyore abilite yo pou kominike. Objektif la kapab konsantre sou gade bouch moun lè y ap pale pou konprann sa y ap di (lip-reading), bay trening pou tandé, ak devlopman langaj.
- **Terapi pou readaptasyon (Occupational Therapy, OT):** Li ede elèv yo fonksyone nan aktivite ki gen rapò avèk edikasyon, ladan ladrès pou viv (tankou manje ak swen pèsònèl) ak ladrès sosyal atravè devlopman:
 - Kapasite pou itilize ti misk piti yo (Fine motor skills) (mouvman bra, men ak dwèt)
 - Kapasite pou itilize vizyon w pou gide men w (Visual motor skills) (kowòdinasyon je-men)
 - Fonksyònman sans (Sensory processing) (kòman pou itilize enfòmasyon apati sans yo)
 - Fonksyònman entelektyèl (Cognitive functioning) (kapasite rezolisyon pwoblèm, memwa, atansyon)
- **Sèvis oryantasyon ak deplasman:** Li ede elèv ki gen pwoblèm vizyon amelyore abilite yo pou yo konnen anviwònman yo ak pou yo deplase ansekirite nan anviwònman yo.
- **Terapi fizik:** Li ede elèv deplase poukонт yo nan salklas, jimmazyòm, nan lakou, nan twalèt, nan koulwa ak nan eskalye. Terapis yo ap ede elèv devlope ladrès fizik, tankou:
 - Kapasite pou fè gwo mouvman (mouvman gwo misk)
 - Deplasman (soti yon kote pou ale yon lòt kote)
 - Ekilib
 - Kowòdinasyon
- **Sèvis enfimyè nan lekòl:** Ede elèv ki gen bezwen ki gen rapò avèk sante pou yo gen pwoteksyon ak pou yo patisipe nan travay lekòl.
- **Terapi pwononsyasyon/langaj:** Li ede elèv devlope kapasite pou tandé ak pale. Objektif yo ka konsidere:
 - Kapasite fonologik (òganizasyon son langaj)
 - Konpreyansyon (konprann langaj)
 - Atikilasyon (fòme son ki klè nan diskou)
 - Kapasite langaj sosyal
- **Sèvis edikasyon pou elèv ki gen pwoblèm pou wè;** Li ede elèv ki avèg oswa ki gen pwoblèm vizyon itilize metòd braille.



Lòt pwogram ak sèvis

Men kék lòt pwogram ak sèvis yo ka mete nan IEP yon elèv.

Aparèy ak sèvis teknolojik pou sipò

Aparèy èd teknolojik (AT) se nenpòt pyès ekipman, pwodui oswa sistèm yo itilize pou ogmante, kenbe oswa amelyore kapasite fonksyonman yon timoun, tankou communication boards, aparèy komunikasyon, ak inite FM. oswa aksè konpitè oswa tablet. Sèvis teknoloji sipò ofri èd pou itilize aparèy sa yo avèk siksè.

Edikasyon fizik adapte

Edikasyon fizik ki adapte (Adapted physical education, APE) se yon pwogram ki fèt espesyalman pou aktivite, jwèt, espò, ak ritm dapre enterè, abilite ak limit elèv ki gen andikap. Ekip IEP a ap rekòmande APE pou ptit ou si andikap li genyen an ta ka fè patisipasyon l nan pwogram edikasyon fizik regilye a danjre oswa pa efikas.

Sèvis ane lekòl pwolonje

(Sèvis 12 mwa)

Yo ofri sèvis ane lekòl pwolonje pou elèv ki gen andikap ki bezwen sèvis edikasyon espesyal pandan ete pou yo ka kontinye kenbe pwogrè yo te fè pandan ane lekòl la.

Enstriksyon adomisil ak enstriksyon nan lopital

Enstriksyon adomisil ak nan lopital se sèvis edikasyon yo bay timoun ki gen andikap ki pa kapab ale lekòl akoz bezwen emosyonèl oswa medikal. Yo bay sèvis sa yo jiskaske timoun lan kapab retounen lekòl oswa jiskaske yo egzeyate l nan lopital la sèlman. Yo ka bay yo tou pou yon timoun k ap tann yon plas ki poko disponib.

Sèvis parapwofesyonèl

Parapwofesyonèl se èd yo ye—se pa pwofesè—yo travay avèk elèv ki bezwen sipò adilt anplis sa pwofesè a ak founisè sèvis yo bay. Parapwofesyonèl yo ka sipòte yon klas annantye oswa li ka travay avèk youn oswa plizyè timoun alafwa. Yo ka travay avèk timoun yo pou tout jounen lekòl la oswa pou yon pati nan jounen an. Parapwofesyonèl yo ka ede nan kontwòl konpòtman oswa nan bezwen sante elèv. Yo ka rekòmande yo tou pou ede nan oryantasyon ak trening pou deplasman oswa pou ale nan twalèt.



Lòt rekòmandasyon pou plasman



Elèv ki gen bezwen yo pa ka satisfè nan yon lekòl distri 1-32 oswa yon lekòl distri 75 ka resevwa rekòmandasyon pito pou yon plas pou youn nan anviwònman ki pi ba a.

Lekòl prive Depatman edikasyon Eta Nouyòk (NY State Education Department, NYSED) apwouve

Lekòl prive NYSDE apwouve yo ofri pwogram pou timoun ke yo pa ka satisfè bezwen entansif edikasyon yo nan pwogram lekòl leta. Se elèv ki gen andikap sèlman ki ale nan lekòl prive NYSED apwouve yo. Yo ka ofri sèvis lekòl prive NYSED apwouve yo pou yo dire jounen lekòl la ("jounen") oswa 24èdtan pa jou ("rezidansyèl").

Pwogram sa a se pou timoun ki tèlman gen anpil bezwen sou pwen edikasyon ke li obligatwa pou yo gen entèvansyon 24 èdtan. Lekòl rezidansyèl NYSED apwouve yo founi pwogram entansif nan salklas ansam ak yon anviwònman kay byen estriktire, nan lekòl la 24 èdtan pa jou.

Si ekip IEP a rekòmande pou pitit ou a ale nan yon lekòl prive nan IEP li a, ekip IEP ap chèche èd bò kote ekip sipò ki nan biwo santral la (CBST). CBST se biwo DOE ki jwenn plas pou elèv nan lekòl prive ke eta Nouyòk la apwouve. Yon manadjè dosye ap aplike nan yon lekòl prive pou pitit ou a. Ou sipoze patisipe nan pwosesis aplikasyon an, ki ka gen ladan entèvyou oswa lòt vizit avèk lekòl yo.

Lekòl Depatman edikasyon Eta Nouyòk (NY State Education Department, NYSED) bay sipò

Lekòl eta a apwouve yo (yo rele yo tou "lekòl 4201") ofri sèvis edikasyon espesyal entansif pou timoun elijib ki soud, avèg oswa ki gen andikap grav. Ekip IEP a pral deside si yon timoun bezwen tip pwogram sa a. Kèk lekòl eta a sipòte fonksyone lajounen, epi kèk ladan yo bay swen rezidansyèl senk jou pa semèn pou timoun ki bezwen pwogram 24 èdtan. Si w panse yon lekòl Eta Nouyòk sipòte ka apwopriye pou pitit ou a, ekip IEP w la kapab ede w nan pwosesis la.

Dwa paran pandan ptit yo ap fè tranzisyon sòti nan preskolè

Antan paran yon timoun k ap antre nan kindergarten, ou gen yon pakèt dwa pandan tranzisyon pou sèvis edikasyon espesyal pou kindergarten lan.

- Ou gen dwa pou dakò oswa pou pa dakò pou nenpòt nouvo evalyasyon ke ekip IEP a egzije pou fè. Men, si ptit ou a gen yon IEP Pre-K epi ekip IEP a fè efò pou jwenn konsantman w epi ou pa reponn, yo ka fè evalyasyon yo san konsantman w.
- Ou gen dwa pou mande fè lyasyon espesifik, si w ekri ekip IEP w la.
- Ou gen dwa pou bay ekip IEP a kopi evalyasyon prive ak pou fè ekip IEP a konsidere rapò sa yo.
- Ou gen dwa pou w se yon manm egalego nan ekip IEP ptit ou a ak pou patisipe kòmsadwa nan desizyon k ap pran avèk prezans ou nan tout reyinyon IEP yo.
- Ou gen dwa pou mennen lòt moun ki gen konesans oswa ki se ekspè espesyal nan ka ptit ou a patisipe nan reyinyon IEP yo pou ede nan pwosesis desizyon y ap pran yo.
- Ou gen dwa pou resevwa kopi rapò evalyasyon ak rapò pwogrè ptit ou avan reyinyon IEP a epi resevwa kopi IEP ptit ou a nan espas de semèn apre reyinyon IEP a.
- Ou gen dwa pou mande pou yo fè yon lòt reyinyon IEP, yon medyasyon oswa yon odisyon san patipri oswa fè yon plent ba Eta Nouyòk, si w pa dakò avèk desizyon yo pran konsènan ptit ou a.
- Ou gen dwa nenpòt lè pou ekri ekip IEP a pou anile konsantman w lan pou tout pwogram ak sèvis ki gen rapò avèk edikasyon espesyal yo. Si w fè sa, dosye ptit ou a pral montre li te resevwa sèvis edikasyon espesyal preskolè.
- Ou gen dwa pou gen yon entèprèt pou reyinyon IEP yo. Ou ka jwenn tou tradiksyon IEP ptit ou a, rapò sou evalyasyon yo oswa avi yo oswa lòt èd pou entèpretasyon ki gen rapò avèk IEP ptit ou a si w kontakte ekip IEP w la.
- Ou gen dwa pou resevwa avi sou lekòl ak sèvis edikasyon espesyal y ap ofri ptit ou a nan yon delè espesifik. Pou yon elèv ki pral gen laj 5 ane nan ane kalandriye sa a epi k ap antre nan kindergarten an otòn lan:

Si yo fè yon rekòmandasyon...	...yo dwe ofri elèv la yon plas pou pi ta:
Apati 1ye septanm rive 1ye mas	15 jen
Apati 2 mas rive 1ye avril	17 jiyè
Apati 2 avril rive 10 me	15 out
Apati 11 me rive 13 out	60 jou lekòl apati dat rekòmandasyon an

Sa vle di, si ptit ou a te gen yon IEP preskolè avan mwa mas, oswa si w rekòmande li pou evalyasyon edikasyon espesyal avan mwa mas, DOE dwe voye avize w konsènan sèvis ak òf lekòl pou septanm lan rive 15 jen. DOE ap presize sèvis y ap ofri ptit ou a epi l ap fè w konnen nan ki lekòl ptit ou a ap resevwa sèvis sa yo.

- Tanpri rele 311 oswa voye yon imèl nan **Turning5@schools.nyc.gov** si w pa resevwa yon òf pou yon plas pa lapòs nan espas kèk jou apre delè nou mete pi wo a. Si IEP a rekòmande kou edikasyon espesyal epi DOE pa ba li yon plas edikasyon espesyal nan delè nou mete nan tablo pi wo a, ou ka gen dwa pou mete ptit ou a nan yon pwogram apwopriye lekòl prive Depatman edikasyon eta Nouyòk apwouve ki gen yon plas san oumenm ou pa peye.
- Ou gen dwa pou mande DOE peye pou yon evalyasyon endepandan si ou pa dakò avèk evalyasyon DOE fè a. Ou dwe fè DOE konnen demann sa a alekri. DOE ap swa dakò peye pou yon evalyasyon endepandan swa l ap kòmanse pwosesis yon odisyon san patipri pou montre evalyasyon li an te kòrèk.
- Ou gen dwa pou DOE peye yon evalyasyon endepandan pou ou, si DOE pa t fè evalyasyon ptit ou a nan delè ki nan tablo pi ba a (amwenske DOE pat responsab reta a).



Si yo resevwa demann pou fè yon lòt evalyasyon...	...yo dwe fè evalyasyon an pou pi ta:
Apati 1ye septanm rive 1ye mas	1ye jen
Apati 2 mas rive 1ye avril	3 jiyè
Apati 2 avril rive 10 me	2 out
Apati 11 me rive 13 out	60 jou lekòl apati dat rekòmandasyon an

Pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa paran elèv ki gen andikap, gade *Gid fanmi pou sèvis edikasyon espesyal pou elèv ki gen laj pou lekòl* ki disponib **sou entènèt** nan <https://schools.nyc.gov/special-education/help/contacts-and-resources> ak Avi garanti sou pwosedi depatman edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department, NYSED) (*Procedural Safeguards Notice*): *Dwa pou paran timoun ki gen andikap, laj 3-21, (Deklarasyon dwa fanmi)* disponib **sou entènèt nan** <https://schools.nyc.gov/special-education/help/your-rights>. Toude dokiman yo disponib nan lekòl yo.

Kòman pou jwenn èd

Ekip IEP DOE w la

Ou gen kesyon? Yon reprezantan ki soti nan yon lekòl oswa nan biwo CSE ap ede w pandan tout peryòd tranzisyon pitit ou a pou ale nan sèvis edikasyon espesyal. Li ta dwe premye moun pou kontakte si w gen kesyon oswa enkyetid. Ekip IEP w la sou lis tou nan PWN lan nou te voye ba w nan kòmansman pwosesis Turning 5 la.

Plis èd

Si w gen yon pwoblèm ekip IEP a oswa biwo distri CSE a pa ka rezoud, ou ka mande plis èd si w rele 311 oswa voye yon imèl nan Turning5@schools.nyc.gov.

Tanpri bay enfòmasyon sa yo:

- Non pitit ou a, dat nesans li , ak ID NYC a
- Non ak nimewo lekòl oswa biwo CSE ki te voye enfòmasyon yo ba w oswa ki te fè reyinyon an
- Yon deskripsyon kout pwoblèm ou an

Ou ka kontakte tou òganizasyon nou mete pi ba a pou w jwenn èd.

Sant paran pou edikasyon espesyal

Sant paran pou edikasyon espesyal, ke NYSED finanse, bay fanmi enfòmasyon ak resous pou pitit yo ki gen andikap.

INCLUDEnyc

116 East 16th Street, 5th Floor
New York, NY 10003
212-677-4660 (anglè)
212-677-4668 (panyòl)

Wèb: www.includenyc.org

Li sèvi Bronx, Brooklyn, Manhattan, ak Queens (li sèvi tou kòm sant pou trening ak enfòmasyon pou paran)

Parent to Parent of NY State

Institute for Basic Research
1050 Forest Hill Road
Staten Island, NY 10314
(718) 494-4872

Sitwèb: <http://parenttoparentnys.org/offices/Staten-Island/>

Sèvi Staten Island

Sant trening ak enfòmasyon pou paran (*Parent Training and Information Centers, PTIC*)

Se Pwogram Biwo Edikasyon espesyal Depatman Edikasyon Etazini ki finanse PTIC yo pou satisfè bezwen fanmi timoun ki gen andikap.

Defansè timoun Nouyòk (*Advocates for Children of New York, AFC*)

151 West 30th Street, 5th Floor
New York, NY 10001
Liy telefòn pou èd: 866-427-6033

Sitwèb: www.advocatesforchildren.org

Sinergia/Metropolitan Parent Center

2082 Lexington Avenue, 4th Floor
New York, NY 10035
212-643-2840

Sitwèb: www.sinergiany.org

Siplemen A: Kategori andikap

Yon elèv ki nan klas kindergarten rive 12 yèm ane elijib pou sèvis edikasyon espesyal si elèv la satisfè youn oswa plizyè kritè nan kategori andikap yo dekri pi ba a, pou rezon sa a, li bezwen pwogram edikasyon espesyal ak sèvis ki ede avèk andikap la.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan Règleman Komisè Edikasyon Eta Nouyòk la nan: www.p12.nysesd.gov/specialed/lawsregs/documents/regulations-part-200-201-oct-2016.pdf

Kategori Andikap	Deskripsyon
Otis	Yon andikap onivo devlopman afekte prensipalman kapasite sosyal ak komunikasyon yon timoun. Li ka afekte tou konpòtman epi li kouvri yon seri sentòm.
Soud	Yon elèv ki gen pwoblèm pou tande pa kapab tande pifò son menm lè li gen yon aparèy.
Soud-avèg	Yon elèv ki gen gwo pwoblèm ni pou tande ni pou wè. Bezwen komunikasyon ak lòt bezwen devlopman ak edikasyon yo tèlman patikilye ke pwogram pou elèv ki soud oswa avèg yo pa ka satisfè bezwen yo.
Twoub emosyonèl	<p>Yon elèv ki genyen youn oswa plis nan karakteristik sa yo pandan lontan ak nan yon nivo ki fè elèv la pa ka travay byen lekòl:</p> <ul style="list-style-type: none"> Yon enkapasite pou aprann yo pa ka eksplike apati faktè entelektyèl, sansoryèl oswa medikal. Yon enkapasite pou devlope oswa kenbe bon rapò avèk kamarad ak pwofesè. Tip konpòtman oswa santiman ki pa apwopriye nan sitiyasyon nòmal. Jeneralman, yon tanperaman tristès oswa depresyon Yon tandans pou devlope sentòm fizik oswa lapè ki asosye avèk pwoblèm pèsonèl oswa pwoblèm lekòl.
Pwoblèm pou tande	Yon elèv ki pa tande ki pa antre nan kategori definisyon soud. Tip pwoblèm pou tande sa a kapab chanje apre kèk tan.
Andikap entèlektyèl	Yon elèv ki jis anba kapasite entèlektyèl mwayen an ak kapasite pou adapte nan lavi. Yon elèv ka genyen tou kapasite komunikasyon, kapasite pou swen pèsonèl ak sosyal ki trè ba.
Andikap pou aprann	Se yon tèm laj ki kouvri pwoblèm aprantisaj ki gen efè sou kapasite yon elèv pou li, ekri, tande ak pale, rezone ak fè matematik.
Andikap miltip	Yon elèv ki gen plis pase yon pwoblèm ki kreye bezwen nan edikasyon yo pa ka satisfè nan nenpòt pwogram ki fèt pou yon sèl andikap.
Pwoblèm òtopedik	Yon pwoblèm òtopedik vle di yon elèv ki manke yon fonksyon oswa yon kapasite nan kò li; paegzanp paralizi sèvo (cerebral palsy).
Lòt pwoblèm sante	Se yon tèm laj ki kouvri maladi ki limite fòs, enèji oswa vijilans yon elèv. Yon egzanp se ADHD ki afekte atansyon
Pwoblèm pwononsyasyon oswa pwoblèm langaj	Yon elèv ki gen yon twoub pou kominike, paegzanp begeye, atikilasyon defòme, pwoblèm langaj oswa pwoblèm nan vwa ki fè li difisil pou yon elèv konprann mo oswa eksprime tèt li.
Chòk serebral twomatik	Yon elèv ki gen yon chòk nan sèvo li akoz yon aksidan oswa yon tip fòs fizik.
Pwoblèm vizyon	Yon elèv vizyon l gen efè sou pèfòmans akademik li. Nenpòt pwoblèm vizyon linèt pa ka korije, tankou vizyon pasyèl ak avèg.

Siplement B: Sitwèb ak enfòmasyon sou kote/moun pou kontakte

Sitwèb ak kontak enpòtan pou DOE

Pi ba gen yon lis paj entènèt DOE ak lòt enfòmasyon sou kote pou kontakte ki ka itil ou.

NYC Department of Education

Sitwèb: www.schools.nyc.gov

Pwosesis admisyon nan kindergarten

Sitwèb: www.schools.nyc.gov/Kindergarten

Imèl: ESenrollment@schools.nyc.gov

Telefòn: 718-935-2009

Enskri pou nouvèl resan: www.schools.nyc.gov/subscribe

Chèche lekòl: www.schools.nyc.gov/find-a-school

Edikasyon espesyal

Sitwèb: www.schools.nyc.gov/specialeducation

Imèl: specialeducation@schools.nyc.gov

Liy telefòn ki toujou ouvri: 718-935-2007

Pwosesis Turning 5

Sitwèb: <https://www.schools.nyc.gov/special-education/preschool-to-age-21/moving-to-Kindergarten>

Imèl: Turning5@schools.nyc.gov

Distri 75

Sitwèb: www.schools.nyc.gov/special-education/school-settings/district-75

Imèl: D75info@schools.nyc.gov

Nimewo telefòn: 212-802-1500

Pwogram espesyalize

Sitwèb: www.schools.nyc.gov/special-education/school-settings/specialized-programs

Email:

- ACES: ACESPrograms@schools.nyc.gov
- ASD NEST/Horizon: ASDPrograms@schools.nyc.gov
- Edikasyon espesyal bileng : BSEprograms@schools.nyc.gov

Pou enfòmasyon sou sijè nou mete pi ba yo, tanpri ale nan paj wèb ki asosye avèk yo a:

- Lekòl ki gen aksè pou chèz woulant: www.schools.nyc.gov/Offices/OSP/Accessibility
 - Pou jwen yon lis lekòl ki gen aksè pou chèz woulant yo, gade anba ‘Accessible Schools’ nan sitwèb pi wo a.
- Lekòl charter: www.schools.nyc.gov/community/charters
 - Fòm Sante pou lekòl: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/health-services>
- Mwayen transpò:
<https://www.schools.nyc.gov/school-life/transportation/transportation-overview>



SCHOOLS.NYC.GOV/KINDERGARTENSPECIALEDUCATION

Biwo enstriksyon espesyalize ak sipò pou elèv

333 7th Avenue, New York, NY 10001